

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan “Média Visual Tilu Diménsi (3D) dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2014/2015)”, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D) nya éta siswa can mampuh, katitén tina rata-rata unggal aspék anu dihontal ku siswa, nya éta : 1) aspék diksi (pilihan kecap) 2,90. Hartina, kecap-kecap anu dipilih jeung disusun dina nulis sajak cukup basajan, 2) aspék implengan/pengimajian 3,04. Hartina, pengimajian basajan, rada luyu jeung téma anu geus ditangtukeun, 3) aspék gaya basa 2,22. Hartina gaya basa anu digunakeun kurang alus /kurang hadé, ma'nana kurang jero, teu luyu jeung téma anu dibikeun, 4) aspék téma 3,5. Hartina, eusi sajak masih kagolong basajan, rada luyu jeung téma anu ditangtukeun jeung 5) aspék amanat 2,68. Hartina, amanat anu ditepikeun cukup/basajan/rada luyu jeung téma.
- 2) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D) nya éta siswa geus mampuh, katitén tina rata-rata unggal aspék anu dihontal ku siswa, nya éta : 1) aspék diksi (pilihan kecap) 3,72. Hartina, kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak alus tur hadé, 2) aspék implengan/pengimajian 4,04. Hartina pengimajian alus, luyu jeung téma anu ditangtukeun, 3) aspék gaya basa 2,72. Hartina gaya basa anu digunakeun basajan, ma'nana cukup jero, rada luyu jeung téma anu dibikeun, 4) aspék téma 4,54. Hartina, eusi sajakna alus, aya patalina jeung téma anu

ditangtukeun, jeung 5) aspék amanat 3,95. Hartina, amanat anu ditepikeun alus, luyu jeung téma anu ditangtukeun.

- 3) Dumasar kana hasil uji *gain* bisa katitén ngaronjatna kamampuh nulis sajak siswa antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D), yén *gain* antara *pre-test* jeung *post-test* tina jumlah siswa 22 nya éta $76,54 - 57,09 = 19,45$. Rata-rata peunteun *pre-test* 57,09 ngaronjat jadi 76,54. Kukituna bisa dicindekkeun yén média visual tilu diménsi (3D) miboga pangaruh anu hadé dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis taun ajaran 2014/2015 nya éta 19,45.
- 4) Dumasar kana hasil $t_{itung} (25,1) > t_{tabél} (2,52)$ katitén yén aya béda signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis sajak siswa. Ku kituna bisa dicindekkeun yén média pangajaran visual tilu diménsi (3D) éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis taun ajaran 2014/2015.

5.2 Implikasi

Média visual tilu diménsi (3D) dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina kagiatan nulis sajak. Larapan média visual tilu diménsi (3D) meunang réspón anu positif, boh ti pihak siswa boh ti pihak guru. Kusabab média visual tilu diménsi (3D) bisa ngirut perhatian siswa nalika keur diajar, mampuh ningkatkeun daya imajinasi siswa sarta mampuh ngamekarkeun jeung ningkatkeun kahayang jeung minat siswa nu anyar dina kagiatan nulis, ngabangkitkeun motivasi jeung rangsangan kagiatan diajar sarta bisa méré pangaruh-pengaruh psikologis ka siswa. Ku ayana média visual tilu diménsi (3D), siswa mampuh meunangkeun kani'matan visual nalika keur diajar hususna dina nulis sajak, sarta ngalancarkeun siswa dina ngahontal tujuan pikeun maham jeung nginget informasi atawa pesen.

5.3 Rékomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan “Média Visual Tilu Diménsi (3D) dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VII-F

SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2014/2015)”, aya sababaraha rékomendasi, nya éta; 1) média visual tilu diménsi (3D) éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa. Ieu hal bisa dijadikeun salasihiji pilihan pikeun guru dina milih média pikeun pangajaran nu lianna; 2) dipiharep ayana panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan média visual tilu diménsi (3D) pikeun pangajaran anu lianna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaéféktifan éta média; jeung 3) pikeun panalungtik anu satuluyna, dipiharep bisa leuwih asak deui dina ngararancang pangajaran ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D).